

Pou yo fè w konfyans, ou dwe merite sa : Jan moun yo konprann èd imanitè an Ayiti

**Responsabilite ki te pran pou ede popilasyon ki
viktim apre tranbleman tèw**

Avril 2022




**The New
Humanitarian**

Rezime prensipal

Ayisyen gen eksperyans nan zafè èd ki sot lòtbò. Plizyè milya dola te depanse nan sa yo rele "Republik ONG" an. Touttan, bayè entènasyonal yo bay lajan pou plizyè milye pwojè, ki chaje objektif, soti nan met moun viv kote ki pi pwòp (bon dlo trete, kay, jeson fatra, eks), rive nan ba yo plis mwayen pou yo viv (ti travay, manje, monte ti bizinis pou yo, eksetera). Tranblemannè ki te ravaje Pòtoprens nan lane 2010 lan te mete aksan sou dezòd ak desizyon tèt anba "sistèm èd entènasyonal" la gen ladan. Pandan plizyè lane, kapital la te afiche yon move vizaj ak kontenè pwovizyon, gwo machin 4x4 (Toyota Landcruisers), laprès, gwo vedèt, ak avyon chaje moun ki te vin ede. Te gen moun ki denonse koripsyon, vye kowòdinasyon, ak eksplwatasyon. Plizyè lane apre, moun toujou ap mande kote lajan èd sa pase. Eksperyans Ayiti an te fè gwo deba nan tout mond lan sou refòm èd imanitè an fòmalize nan angajman "Gwo Bayè"yo¹. Jiskounya amelyorasyon yo pako fèt.

Tranblemannè mwa Dawout 2021 an nan sid peyi Dayiti an te bay yon lòt vag nan èd entènasyonal lan, Ground Truth Solutions te deside mande : "si sitwayen an Ayiti yo santi aksyon òganizasyon èd imanitè yo mache ak sa kominate yo ap tann toutbon vre".

Nou te fè ankèt ak yon total 1 251 moun ki te viktim nan tranblemannè a. Ankèt sa dwe ede nou konpare sipò viktim yo te espere jwenn nan men travayè ak pwogram èd imanitè yo, ak eksperyans pesonèl yo. Nou te chita pale ak 86 moun (pou yon ankèt kalitatif). Lòt kalite "chita pale" (entèvyou long ak fokis gwo group) te ede n dekoutri ki kote ak poukisa gen gwo diferans nan mitan sa moun yo t ap tann ak reyalite èd imanitè an. Pou n rezime, Ankèt sa te ede n jwenn kèk pwopozisyon sou kijan yo ka diminye diferans sa (sa moun yo ap tann ak sa yo jwenn vre nan èd imanitè an).



Grafik sila a montre repsons moun yo bay kesyon yo sou sa yo rele "Echell Likert" (soti nan 1, rive nan 5). Chak gress ba yo montre dekonpozisyon nan repsons yo an pouvantaj. Yo itilize yon echell koulè soti nan wouj rive nan vèt. Wouj la vle di repsons negatif (1/2). Vèt lan menm di repsons yo pozitif (4/5).

Men kisa patisipan yo di nou nan ankèt lan :

- Èd lan pa satisfè moun yo. Moun yo konsidere èd la itil pou bezwen ki pi ijan yo, men li pa adrese priyore yo. Dapre yo, li pa jis epi yo santi yo pèdi nan diyite nan fason èd lan distribiye.

¹ [The Grand Bargain](#).

- Manke bon enfòmansyon sou èd lan. Sa met popilasyon an akote epi gen gwo enpak sou moun yo, paske enstans kap jere èd lan pa mande yo opinyon yo sou desizyon k ap pran yo. Popilasyon an vle konprann kijan èd lan travay. Men enstans k ap jere èd yo pa enplike yo. Enstans sa yo mete popilasyon an deyò nan tout desizyon k ap pran yo. Sa ki pral lakoz popilasyon manke konfyans nan moun k ap bay èd yo.
- Èd lan fè moun yo santi yo sispann granmoun, li retire pouvwa yo genyen pou deside. Ayisyen di yo gen dwa pou yo patisipe nan planifikasyon ak kijan èd lan ap bay. Olye se sa k rive, yo santi enstans k ap bay èd yo mete yo deyò. Yo vin tounen timoun, yo jis la pou resevwa. Sa fè yo kwè yo pa ka enfliyanse anyen nan pwosesis lan.
- Èd lan pa ede moun reyalize objektif k ap gen enpak sou avni yo (alontèm)! Dapre yo, yo jwenn èd imanité itil touswit apre yon katastwòf grav, men li pa ale pi lwen. Yo santi yo ka reyalize pwojè k ap pi bon pou demen yo, si yo te chita pale ak yo, epi si yo enplike sosyete civil nan peyi Dayiti plis nan desizyon k ap pran yo.
- Kolaborasyon ak aktè komunitè, popilasyon an fè konfyans, se kle pou rann èd imanité an responsab. Dapre moun yo, li enpòtan pou se aktè popilasyon an fè konfyans ki separe èd lan. Konsa yo ret kwè tout moun ap jwenn. Separasyon yo dwe fèt san fòs kote.

Nou te diskite rezulta nou yo ak reprezantan gouvenman an, moun nan sektè imanité, ONG ak òganizasyon ki sipòte moun ki andikape (DPOs) yo. Nou te diskite tou sou responsabilite yo bay sa ki pi enpòtan pou moun ki viktim yo. Nou te ankouraje yo tou pou fè rekòmandasyon epi pran angajman pou amelyore konfyans nan fason èd lan ap bay. Men lis rekòmandasyon ki pi enpòtan yo :

- Fè plis moun pran konsyans sou kouman èd lan bay (sa yo rele kritè seleksyon an). Ladan nou jwenn enfòmasyon tankou "kote moun yo abite";
- Adapte evalyasyon sou sa moun yo bezwen ak reyalite zòn kote y ap viv yo (pa egzanp : sèks ak laj);
- Veye pou distribisyon èd lan ap fèt nan bon jan sekirite : Byen planifye kilè èd lan ap bay; fè previzyon sou kantite moun k ap vin pran èd lan; bay bon jan fòmasyon sou sekirite ak kontwòl "foul" pou jere kote k gen anpil moun; enplike anpil lidè nan komunitè lokal, ki reprezante anpil gwooup, nan distribisyon èd lan;
- Fasilite pwosesis pou moun pale lib e libè sou jan èd lan ap bay, pote plent, elatriye, san yo pa bay bon non yo;
- Fè plis mesaj sansibilizasyon pase sou plent ki la déjà sou distribisyon èd lan, epi mete mwayen pou gen komantè (fidbak). Epi enplike lidè komunitè yo nan jere plent yo ak lòt komantè yo ka resevwa;
- Pèmèt òganizasyon komunitè yo patisipe plis. Ladan yo n ap jwenn : òganizasyon ki sipòte moun ki andikape (DPOs) ak òganizasyon fanm. Sa ap pèmèt èd lan rive jwenn gwooup moun ki pi vilnerab (frajil) yo.

Konfyans nan komunitè an ale depi lontan. Aplike rekòmandasyon sa yo ka ede rejwenn konfyans moun yo. Nou espere sa pral yon etap fondamantal nan yon pwosesis ki pi enpòtan.

Sak anndan rapò an

Rezime prensipal	2
Kontèks travay lan te rive fèt ak apwòch kite itlize a	5
Zouti pou mezire diferans lan: Èd la pa mache ak sa moun yo t ap tann	6
Èd lan pa ede prepare yon demen miyò	7
Manke bon jan enfòmasyon sou èd lan	9
Moun pa ka patisipe	10
Estrateji èd yo dwe vize yon demen miyò	12
Konklizyon : L ap difisil pou retabli konfyans nan kominate yo	13
Rekòmandasyon	14
Jan travay lan te rive fèt (metodoloji)	16

Kontèks travay lan te rive fèt ak apwòch kite itlize a

14 Dawout 2021, yon tranblemanntè 7.2 te frape Ayiti, sa ki te lakòz gwo domaj nan tout zòn sid peyi a sitou nan depatman sa yo : Sid, Nip ak Grandans. Sitiyasyon sa te lakoz anviwon 650,000 moun bezwen asistans rapid. Tranblemanntè a te vin met abse sou klou nan sitiayson Ayiti. Peysi a te déjà nan yon kriz politik, gwo pwoblèm sosyo-ekonomik ak vyalans nèg ak zam². Gaz ki pat genyen ak ensekirite te enpeche enstans konsène yo bay popilasyon an asistans nan zòn ki te viktim yo³.

Demann ijan (Flash Appeal) te dekri objektif prensipal repons lan ki se : 1. Bay asistans pou sove lavi ak tout mwayen ki nesesè, epi 2. Bay sèvis ki bazik yo. Se Direksyon Jeneral Pwoteksyon Sivil (DJPS) ki t ap dirije repons pou sitiayson ijans lan. Epitou, kominate entènasyonal lan t ap bay bourad pa l. Repons lan te chita sou yon estrateji ki bay ekspètiz nasional yo priyotrite. Li te valorize kapasite ak konesans epi enpòtans ki genyen nan kominate an. Li te bay enpòtans tou ak bon jan komunikasyon lè l pale ak komonite yo nan mwayen yo pi abitye yo (pa egzanp : legliz, pòtvwa, radyo, pankat, eksetera).

Zòn sid peyi an te toujou ap soufri anba gwo dega sikkòn Matthew te fè nan lane 2016. Kote kominate ki te viktim yo te gentan fè eksperyans ak aktè imanitè ak devlopman yo. Obsèvèt yo souvan anonse repons tranblemanntè 2010 Ayiti a tankou yon moman enpòtan, nan fè moun ki viktim yo pran responsabilite yo. Antouka, nanopwen anpil prèv ki montre kouman viktim yo te enplike yo nan desizyon k ap pran yo⁴.

Plan Repons imanitè 2021-2022 la genyen objektif estratejik ki vize pou fè popilasyon ki viktim yo patisipe nan pran desizyon yo. Òganizasyon imanitè yo pran angajman tou pou pèmèt demen miyò epi ranfòse relasyon nan mitan "Èd Imanitè-Devlopman ak Lapè". Epitou, yo vle travay pou frennen sou pwoblèm, risk ak sitiayson difisil moun ap viv⁵. Yo repete angajman sa yo nan sa yo nan Demann ijan (Flash Appeal) yo. "Repons tranblemanntè sa bezwen demonstre kapasite tout aktè yo pou yo travay sou koneksyon. Epi pou yo mete Ayisyen nan mitan tout jefò ki mennen ak ateri repons lan, ki sipòte asistans ki enpòtan anpil tan pou asistans rapid vit pou kominate ki afekte yo pou rekonstwi. Li dwe vize lavi, mwayen pou viv ak rekonstwi enfrastrikti sosyal ki pi enpòtan yo. Sa ap rive fèt nan met aktivite kap bay travay ki gen anpil mendèv" (p.14)

Nan sousi pou gen angajman sou koneksyon ak responsabilite pou popilasyon ki te viktim lan, nou te vle asire n popilasyon an jwenn repons lan. Li dwe gen enfòmasyon sou bezwen ak priyrite. Li dwe genyen l tou sou pouvwa, patisipasyon, epi konfyans. Nou te itilize yon apwòch yo rele "metòd melanje" pou poze kesyon sou sa moun yo te swete : Kisa yo ta swete ki rive? Poze kesyon sou sa yo ap viv : ki jan yo wè bagay yo? Soti Oktòb pou rive Desanm 2021, nou te fè sondaj ak 1,251 moun ki te viktim nan tranblemannè a. Lè sa nou te dekouvri yon diferans nan sa moun yo t ap tann ak eksperyans yo fè, nan plizyè dimansyon responsabilite : satisfaksiyon; enfòmasyon ak komunikasyon; patisipasyon lib e libè; ak dwa moun yo genyen deside pou tèt yo.

Nou te dekouvri diferans ki genyen nan mitan sa popilasyon an t ap tann ak sa yo jwenn vre, nan sa nou rele "entèvyou kalitatif" ak 86 moun nan mwa Janvye 2022. Entèvyou yo ede konpreyansyon nou ale pi lwen sou sa nou rele "rezulta kantitatif" yo. Anplis, yo pèmèt nou jwenn rekòmandasyon nan men kominate a. Nou verifye konklizyon yo epi kreye menm moman an rekòmandasyon nan yon atelye ak responsab enstans k ap bay èd yo. Nou pral kominike rezulta atelye sa a ak divès manm kominate a. Konsa, y ap konnen kouman dirijan enstans ki bay èd yo, gen entansyon reponn ak komantè (fidbak) yo.

Echantillon

Sondaj kantitatif

1,251 entèvyou telefòn

Sèks moun yo

746 gason (60%)

505 fi (40%)

Depatman ki konsène yo

542 Sid (43%)

436 Grandans (35%)

273 Nip (22%)

Kantite moun ki resevwa èd

1,106 moun ki pa resevwa èd (88%)

114 moun ki resevwa èd (12%)

.....

Entèvyou kalitatif

Nan 86 patisipan yo, nou jwenn

Famn


Gason

Jèn (18-24)

Moun ki gen andikap

Lidè kominotè

Reprezentan kominate LGBTQIA+



Epanttranblemannè

Distri ki kouvrir pa sondaj telefòn nou an

Komin ki kouvrir pa entèvyou kalitatif nou yo (Les Cayes epi Port-à-Piment)

² OCHA. August 2021. ["Flash Appeal"](#).

³ The New Humanitarian. February 2022. "[In Haiti, gang violence strains aid operations and demands new approaches](#)".

⁴ CDAC Network and Michelle Betz. February 2022. "[Haiti six months on: Good intentions, bad memories and local frustrations](#)".


⁵ OCHA. March 2021. ["Plan de Réponse Humanitaire"](#).

Zouti pou mezire diferans lan: Èd la pa mache ak sa moun yo t ap tann

Ayisyen bay èd lan anpil enpòtans. Dapre yo, li ta dwe ba yo pouvwa, pèmèt yo patisipe epi li sa ta dwe fèt san magouy (ak transparans). Men reyalite an lwen sa yo swete. Pifò moun nou te pale ak yo mete aksan sou gwo diferans ki genyen nan mitan : "sa yo konsidere ki enpòtan ak nan ki pwen sistèm èd lan nan ede yo rezoud pwoblèm yo."

Diferans yo gwo, espesyalman pou sa nou rele "transparans" lan (al gade kesyon 1 rive nan 3): moun yo te vle konnen kijan lajan èd lan depanse, ki asistans ki disponib, ak ki fason yo pran desizyon yo. Yo wè gwo kantite lajan entènasyonal ap depanse an Ayiti. Yo santi li enpòtan pou yo konnen kijan lajan sa yo depanse. Lè sa, y ap ka mande òganizasyon yo eksplikasyon sou jan y ap jere lajan an. Y ap ka mande yo prèv tou si gen magouy, nan fason lajan sa yo jere^{6,7}.

Diferans ki genyen nan sa moun yo te swete ak jan yo viv eksperyans èd lan. Sa yo t ap tann ak eksperyans yo fè pa mache, dapre sa endikatè yo bay. Kominote yo swete yo konsilte sou pwogram èd lan, sa ka pèmèt yo konnen kijan pou fè kòmantè (bay fidbak) epi bay doyelans yo (pote plent). Epi èd lan pa ede yo prepare yon demen miyò (gade kesyon 4-6). Pi piti diferans sa, ou jwenn li akoz repons ki pozitif nan kesyon sa yo. Petèt, sa kapab endike yon bon nouvèl pou kominate imanité a. Repons ki manke yo pi piti, yo anfas sa nou rele "atant majinal" pi ba yo. Sa yo se akoz eksperyans negatif moun yo nan fè plent ak kòmantè (bay fidbak), ak nivo konfyans yo genyen nan enstans k ap bay èd yo. Moun ki panse yo konnen kijan pou yo pote plent, ka santi sa pa itil anyen tou.



Rezulta sa yo montre moun yo apresye patisipe, enfòme, epi lè yo konsilte yo. Dirijan èd yo ta dwe konsantre sou domèn kote diferans ki genyen nan mitan sa moun yo ap tann ak eksperyans pa mache. Yo ta dwe fè sa tou kote yo pa satisfè espwa moun yo. Transparans se kle. Kominikasyon sou èd lan se yon fason, ki vize chanjman konpòtman kominote a (pa egzanp : mesaj sou ijyèn). Konsa tou li ka yon fason pou jwenn aksè ak sèvis. Men moun an Ayiti vle plis. Se poutèt sa koneksyon ki genyen nan mitan lidèchip repons lan ak angajman kominote an enpòtan anpil. Kominikasyon ki pi klè, onèt ak konsiltasyon sou fason yo depanse lajan èd lan nan kominote a ka ede rebati konfyans. Men sa mande pou bagay yo klè toutbon vre.



Ki sa ki èd imanité ?

Patisipan nan « Fokis gwoup » yo konprann èd imanité konsa :

- Ki soti aletranje
- Ki pot sekou rapid pou yon katasthòf
- Ki bay piyorite ak tout moun ki viktim yo (moun oswa gwoup moun)
- Resevwa atik endividyèl nan distribisyon (tankou : manje ak prela)

Nan sondaj nou an, nou te poze moun yo yon seri kesyon pou chak pati nan èd lan. An premye, nou mande yo ki jan yo te konsidere èd lan enpòtan. Apre, kijan yo te wè l ap travay. Pwen wouj yo montre evalyasyon moun yo nan kesyon enpòtans yo. Chak pwen ble eksplike repons sou jan moun yo wè èd lan. Pozisyon chak pwen yo te kalkile daprè sa nou rele "Nòt Likert" lan. Kote mwayèn yo te bay pou chak kesyon. Lè sa : 1 = pa dakò; ak 5 = dakò nèt. Liy ki genyen nan mitan yo de (2) an reprezante distans ki genyen sou jan moun yo konprann èd lan (sa yo rele pèsepsyon an). Sa yo t ap tann ak sa yo rive jwenn pa menm ditou.

- Importance
- Perception

⁶ Reuters. August 2021. "[Haiti quake revives anger over aid response to past disasters](#)".

⁷ Ramachandran, Vijaya and Julie Walz. 2012. "[Haiti: Where Has All the Money Gone?](#)" CGD Policy Paper 004.

Èd lan pa ede prepare yon demen miyò

"Pa fè nou viktim pou yon sak diri"

Moun yo wè efikasite èd la limite. An jeneral, moun ki te nan chita pale yo (entèvyou) ki resevwa èd apre tranblemannè a te satisfè. Èd yo te resevwa gen ladan l : prela, manje, dlo, ak twous pou ijyèn. Men nan sitisyon difisil yo ye an, anpil di nou èd la te twò piti pou satisfè bezwen yo. Osnon sa sèlman dire kèk jou. Kay yo ki te rebati apre siklòn Matthew te andomaje oswa detwi ankò. Moun yo te di prela yo te itil, men pa te gen ase. Prela yo te konn twò piti tou, pou kouvri anpil kay (ki te twò gwo). An jeneral, 67% moun ki reponn sondaj nou yo pa satisfè ak sèvis imanitè ki disponib pou yo. Satisfaksyon nan mitan moun ki reponn yo : Nan Corail (40% repsons pozitif), Anse-à-Veau (38%), Ak « Aux Coteaux » (35%). Rezulta sa yo mache ak enfòmasyon yon ankèt UNICEF*, ki te bay priyotite ak : kay pou moun rete, lajan, epi manje tankou bezwen ki pa satisfè.

Eske w satisfè ak sèvis imanitè k ap bay nan kominate w la ?



Sa nou rele "entèvyou kalitatif" yo te montre sa moun yo konprann sou efikasite èd lan konplike anpil. Opinyon moun yo depann de yon bann enfòmasyon (sa nou rele faktè kombine). Ladan yo, nou jwenn : eske èd lan satisfè bezwen ak priyotide; konbyen fwa moun yo ka pran èd; ki eksperyans yo gen nan resevwa èd lan.

Gen fòs kote nan chwa gwoup ki jwenn èd yo : "Moun ki pèdi tout bagay se pa yo ki te resevwa èd"

Popilasyon an santi èd lan pa rive jwenn moun ki bezwen yo vre. Sa se laverite sitou pou moun nou te rankontre nan Pòtapiman. Nan zòn sa èd la pa distribiye menm jan ak Okay, paske l pi lwen epi manke mwayen pou ede l rive (wout, pon, kouran, eksetera). Egzanp sa eksplike poukisa andeyò yo jwenn pi piti nan èd lan, menm lè yo pran menm frap ak gwo vil yo⁸. Epitou, vvolans ki genyen nan Pòtoprens, wout ki pa genyen pou w ale andeyò, te ralanti moun k ap jere èd lan. Sa fè li pa rive nan anpil andeyò kote moun yo te bezwen li.

Si n kite distribisyon jeyografik nan èd lan, ki te konsantre sou kominate riral yo (sa yo rele andeyò an), anpil nan moun nou pale yo nan "entèvyou" te di nou tout moun ki viktim yo ta dwe resevwa èd. Si se te konsa li t ap pi bon, pase se sou baz enfòmasyon yo deside separe èd nan mitan kèk gwoup. Natirèlman, lajan èd yo limite. Sa fè pwosesis jere lajan sa san magouy enpòtan anpil. Konsa, moun yo ap wè li jis. Moun yo byen konnen peyi an resevwa anpil asistans. Yo vle konnen poukisa yo patisipe nan jere lajan an.

Majorite moun ki pa t resevwa èd kwè èd lan pa fasil pou jwenn, paske yo bay li tankou yon favè politik. Dapre yo, li la pou pi gwo vil yo ak pou moun ki konnen moun k ap distribiye l yo.

Eksperyans entèvyou yo diferan de estrateji "Flash Appeal" lan. Estrateji sila, bay fanmi yo priyotide dapre sitiyasyon lojman ak distribisyon èd nan zòn riral ak vil yo⁹. Lidè kominate yo konfime rezulta sa yo.

Rezulta sa yo al nan menm sans ak rapò 2019 nou an sou èd apre Siklòn Matthew : moun ki nan zòn riral (andeyò) yo te santi yo poukont yo. Gen moun ki santi bagay yo vin pi mal fwa sa. Yo di te gen mwens èd ki disponib apre tranblemannè ki sot pase a pase apre siklòn nan, epi èd la te distribiye nan patipri.

“

Nou menm ki rete andeyò vil la pa te ka jwenn anyen. Èd yo te distribye sèlman nan vil la.

- Yon fanm, Port-à-Piment

“

Pou èd yo ka byen distribye, li pa dwe bay ak paspouki ankò. Moun ki pèdi tout bagay, se pa yo ki te resevwa èd.

- Yon fanm, Port-à-Piment

“

Gen moun ki resevwa èd twa oswa kat fwa, menm lè gen moun ki nan bezwen ki pa resevwa anyen.

- Lidè kominate, Port-à-Piment

* UNICEF. December 2021. Enquête sur la redevabilité envers les populations affectées dans le Grand Sud. (Rapport non publié)

⁸ OCHA. September 2021. "Situation Report No. 4".

⁹ OCHA. August 2021. "Flash Appeal".

Jan èd lan bay lan danjere anpil epi li fè moun yo pèdi diyite yo : "Nou toujou santi nou wont nan distribisyon yo."

Gen kèk moun nou te chita pale ak yo (nan entèvyou) ki pa gen bon eksperyans nan distribisyon èd lan. Yo pale de : lokal distribisyon an fèt, ensekirite, twòp moun ki gen nan distribisyon yo ak dezòd. Sa lakozi vyolans, moun blese¹⁰ epi batay. Lè konsa, lapolis reyaji ak vyolans nan voye gaz lakrimojèn. Sa te rive sitou nan Okay.

Eksperyans sa yo pa novo. Nan rankont nou yo, moun yo te dekri eksperyans sa menm jan ak apre Siklòn Matthew. Yon patisipan te di nou yon fanmi li te prèske pèdi yon zye nan yon distribisyon.

Moun ki gen andikap yo te wè kondisyon nan « sit distribisyon » yo fè yo pa ka jwenn èd lan. Sa rive anpil nan ka moun ki pa mache byen, ki pa wè osnon tande byen. Se sa nou te jwenn pou rezulta nan chita pale nou te gen ak moun ki gen andikap yo. Yo te jwenn èd nan men fanmi, vwazèn, oswa OMA. Yo pat ka patisipe nan distribisyon yo. Imaj sa yo montre jwenn èd pou moun ki andikape yo ka amelyore. Sa dwe rive, nan yon pwosesis ki adapte, kote òganizasyon kominotè yo met tèt yo ansanm. Sa ap ede efò pou rive jwenn moun anndan DPO yo (òganizasyon ki sipòte moun ki andikape).

Èd lan bay san respè : "Moun bezwen èd se vre, men se pa yon rezon pou ba yo fatra".

Moun yo santi yo pèdi respè lè yo resevwa pwodui ki gen move kalite nan men enstans k ap jere èd lan. Kék egzanp nou ka site, se machandiz ki gate oswa rad sal. Santiman wont anpeche moun yo al patisipe nan distribisyon yo. Yo konnen èd lan ka bay nan yon pi bon fason. Yo swete pou yo ta fè sa nan respè ak diyite. Moun yo t ap santi yo byen, si èd lan te la pou tout gwooup yo epi si yo te bay li nan yon fason òganize ak respè.

Rekomandasyon kominote a

- Distribye èd bay plis moun, menm si gen mwens pou chak gress moun;
- Veye pou pa gen foul moun ak akwochaj, lè y ap òganize distribisyon : Bay li pou pi piti gwooup, nan pi gwo espas, ki gen sekirite, nan chak zòn separe, pou rive nan tout zòn; oswa fè pòt an pòt, pou rive nan tout kay, san diskriminasyon men nan bay priyorite pou moun ki pi fèb yo, tankou moun ki andikape ak moun ki gen anpil laj
- Jwenn akò ak òganizasyon ki sipòte moun ki andikape (DPOs) ak lòt òganizasyon kominotè pou rive jwenn moun ki pi fèb yo.

“

Pandan distribisyon yo, tout tan mwen wè moun ki pa rete nan liy. Y ap batay. Pafwa lapolis konn bay gaz lakrimojèn.

- Yon gason, Les Cayes

“

Moun ki gen difikilte pou mache yo ta ka jwenn èd lan pi fasil, si yo voye l bay òganizasyon yo. Si yo distribye li nan mitan tout moun, nou ta kapab jwenn li. Paske nou pa ka goumen ak lòt moun.

- Yon fanm, Les Cayes

“

Lè m rive sou "sit distribisyon" an, èd lan disparèt. Paske mwen gen yon andikap, mwayen transpò mwen fè mwen an reta.

- Yon gason, Les Cayes

“

Nou toujou santi nou wont nan distribisyon yo. Se poutèt sa kèk moun pa janm patisipe ladan yo.

- Yon fanm, Port-à-Piment

“

Mwen mande moun k ap bay èd yo, lè yo vin distribye èd, pou yo bay li nan respè ak disiplin.

- Yon fanm, Les Cayes

¹⁰ Associated Press. August 2021. "[Haiti Aid Distribution Clashes](#)".

Manke bon jan enfòmasyon sou èd lan

"Nou pa konn anyen"

Moun ki reponn yo pa konprann kouman responsab enstans k ap jere èd yo pran desizyon yo. Epi yo plenyen pou enfòmasyon ki pa pataje ak viktim yo. Jwenn enfòmasyon sa pa menm pou tout moun. Sèlman 14% nan moun nou te patisipe nan sondaj yo santi yo enfòme sou ki kalite èd ki disponib pou yo, menmsi 98% nan yo konsidere enfòmasyon sa yo enpòtan anpil. Moun ki reponn nan Corail ak Anse-à-Veau santi yo yon ti kras pi byen enfòme pase nan lòt zòn yo (25% ak 28%). Rezulta sa yo te repete nan dènye sondaj UNICEF la, kote 74% moun ki reponn yo te di yo manke enfòmasyon sou distribisyon èd yo. Nan rapò 2019 lan, nou an te idantifye pwoblèm komunikasyon ak angajman kay viktim yo. Anpil fwa, yo avwe se laperèz pou sekirite ki lakoz sa.

Eske dapre ou w gen enfòmasyon sou ki èd imanitè ki disponib pou kominote w la?



Yo vle enfòmasyon sou ki èd ki disponib. Patisipan nan "fokis gwoup" yo te di nou sa yo vle konnen sou divès sjè. Ladan yo, yo pale n de : sous èd lan, ki moun ki distribye li, ak motivasyon enstans ki bay èd yo. Yo ta renmen konprann tou konbyen èd ki disponib ak kijan separasyon yo (kota) te desire.

Repons moun ki pale yo al nan menm sans. Anpil nan yo (94%) kwè li enpòtan pou konnen kijan lajan èd yo depanse nan kominote yo, ak kijan enstans k ap bay èd yo desire chwazi ki moun k ap jwenn yo. Sèlman 2% santi yo konnen kijan lajan èd yo depanse nan kominote an. Ep 13% konprann kijan yo desire chwa sa yo. Diferans lan gwo nan mitan sa moun yo swete ak reyalite a. Pa etone si sa leve kòlè nan mitan moun k ap resevwa èd yo. Moun yo espere tout bagay pase klè nan men enstans k ap bay èd yo. Se menm bagay tou pou fason yo pran desizyon nan peyi ak kominote yo. Se menm sitiyasyon an pou jan yo te fè apre tranblemanntè 2010 lan¹¹.

Eske se enpòtan pou ou pou konnen kijan yo depanse lajan èd imanitè a nan kominote w la ?



Èske w konnen kijan enstans k ap jere èd lan desire ki moun ki resevwa èd ak ki moun ki p ap jwenn ?



Dapre moun yo, enfòmasyon ki manke sou objekif ak fason enstans yo depanse lajan an bay koripsyon ak enjistis. Sa ka kreye fristrasyon ak mefyans tou.

Rekòmandasyon yo ka pa klè. Men li enpòtan pou enstans k ap jere èd yo rekonèt pwoblèm konfyans lan pa pral rezoud touswit, nan pataje enfòmasyon ki pi senp yo (bazik yo). Yo dwe kreye konfyans nan yon komunikasyon ki laj, klè, epi ki fèt ak respè.

“

Mwen sèlman jwenn enfòmasyon sou distribisyon èd lan apre li fin bay.

- Yon gason, Port-à-Piment

98%

nan popilasyon an santi li enpòtan pou yo enfòme yo sou èd ki disponib pou kominote an.

“

Mwen pa abitye ak òganizasyon ki bay èd nan kominote mwen an. Yo sèlman vin distribye èd nan estad la, san yo pa gen okenn reyinyon ak moun yo.

- Yon gason, Les Cayes

94%

nan popilasyon an santi li enpòtan pou konnen kijan lajan èd yo depanse nan kominote yo.

“

moun ki te reponn yo santi li enpòtan pou konnen kouman esntans ki bay èd yo desire ki moun ki resevwa èd ak ki moun ki pa resevwa.

- Yon gason, Port-à-Piment

¹¹ Ramachandran, Vijaya and Julie Walz. 2012. “Haiti: Where Has All the Money Gone?” CGD Policy Paper 004.

Rekomandasyon kominote a

- Anonse kilè ak ki kote distribisyon yo pral fèt alavans
- Fè reyinyon pou enfòme moun sou èd lan, pwoesis yo, konbyen lajan ki disponib, epi pou kilès
- Mwayen komunikasyon dwe louvri pou popilasyon ki viktim yo konprann tout pwoesis lan. Ki gen ladan : kote èd la soti ak fason enstans ki bay èd lan yo pran desizyon sou objektif ak bezwen yo
- Kolabore ak òganizasyon kominotè ak òganizasyon ki sipòte moun ki andikape (DPOs) pou pataje enfòmasyon

Moun pa ka patisipe

"Tout sa nou ka fè se priye"

Moun yo konsidere patisipasyon enpòtan anpil pou amelyore èd lan. Prèsk tout moun nan sondaj yo (98%) santi li enpòtan pou yo enplike yo nan pwogram èd lan. Diskisyon nan "fokis gwoup" yo te montre moun yo santi yo gen dwa nan èd lan. Ladan yo, nou ka site : dwa pou poze kesyon, dwa pou pran desizyon, ak dwa pou konnen sous ak lejitimite enstans ki bay èd yo. Yo gen dwa pou resevwa bon jan kalte èd. Moun ki gen andikap yo di yo santi yo gen pouvwa lè yo kapab pran desizyon nan òganizasyon ki sipòte moun ki andikape (DPOs) yo. Bò kote pa yo, lidè kominotè yo di yo dwe patisipe nan evalyasyon bezwen yo. Konsa y ap kapab detèmine ki kalite ak kantite èd ki nesesè pou kominote a.

Men eksperyans pifò moun pa mache ak sa yo te swete. Moun yo vin konprann wòl yo nan èd lan tankou yo pa gen okenn pouvwa sou li. Sa yo rele "benefisyè pasif" lan. Nan "fokis gwoup" yo, patisipan yo repete fraz tankou : "Nou nan bezwen", "nou menm pòv yo", "nou se viktim". Yo repete fraz sa yo pou di yo pa egal ak responsab (epi travayè) èd imanitè yo. Relasyon an se yon moun k ap bay ak moun k ap resevwa yo. Santiman sa yo anpeche sitwayen yo enplike yo, jwe yon wòl ki pi aktif¹².

Reyalite li sa difisil anpil. Li pale de diskou sou patisipasyon, pouvwa, ak enflyans yo te mande apre tranblemannè 2010¹³ la epi ankò nan "Gran Bayè" yo¹⁴. Se sèlman 34% nan moun nou te fè sondaj yo ki rapòte yo te konsilte yo sou pwogram èd lan. Fifò te di nou èd te fè yo santi yo fèb, san pouvwa. Jèn yo, moun ki andikape yo, ak manm kominote LGBTQIA+ yo espesyalman santi gen kèk opòtinite pou patisipe.

Èske w panse kominote w la te konsilte sou pwogramasyon èd imanitè nan zòn ou an ?



Moun ki te nan entèvyou yo te di yo pa gen pouvwa pou yo pran desizyon sou pwogram èd yo, oswa pou yo chanje bagay yo. Moun yo santi yo pa gen twòp mwayen pou pote plent, menm konsènan vyolasyon grav tankou abi ak koripsyon.

moun ki te reponn yo santi li enpòtan pou enstans k ap bay èd yo konsilte kominote yo sou pwogramasyon èd lan

“

Nou dwe gen dwa poze kesyon bay enstans k ap jere èd yo. Paske nou tout se moun, ki gen menm dwa, menmsi nou pa nan menm nivo nan sosyete a.

- Yon fanm, Les Cayes

“

Sèl dwa nou genyen se resevwa paske nou pa konnen anyen sou sa moun ki responsab èd yo ap fè.

- Yon fanm, Les Cayes

“

Minorite seksyèl yo ta dwe patisipe. Men kounya yo mete yo sou kote.

- Rereprazantan LGBTQIA+, Les Cayes

“

Non pa gen dwa pou deside sou èd lan. Anpil fwa, òganizasyon kominotè yo minimize wòl jèn yo.

- Yon gason, Les Cayes

¹² Granzow, Tanja. 2018. "[Between threat and infantilisation: How frames impeded the meaningful participation of the disaster affected in Haiti](#)". *Third World Thematics: A TWQ Journal* 3(5-6): 726–744.

¹³ Alexander, David. September 2021. "[Haiti: What aid workers can learn from the previous earthquake as they struggle to rebuild the country](#)".

¹⁴ Inter-Agency Standing Committee. Accessed February 2022. "[A participation revolution : Include people receiving aid in making the decisions which affect their lives](#)".

Sèlman 24% nan moun ki reponn sondaj yo santi kominote yo konnen kijan pou pote plent oswa fè kòmantè (bay fidbak). Menm si 86% kwè li enpòtan. Patisipan nan "fokis gwoup" yo te eksplike yo pa konnen kijan yo pote plent. Epitou, yo pa kwè pote plent ap pote chanjman.

Èske w panse moun nan kominote w la konnen kijan pou yo di sa yo panse (bay fidbak) oswa pou pote plent sou èd lan ?



Lè yo mande si moun nan kominote yo alèz pou rapòte si gen eksplwatasyon ak abi seksyèl (SEA) bò kote enstans ki bay èd lan oswa moun k ap travay nan enstans k ap jere èd yo, repons lan divize. Karannde poustan (42%) panse moun yo swa yon tijan alèz oswa « trè alèz » ak SEA, pandan y ap reponn. Prèske yon tyè (32%) santi kominote yo pa alèz ditou. Yon gwo kantite moun ki reponn bay repons klè pou kesyon sa a. Repons sa yo pa mache ak kòmantè (fidbak) yo. Moun ki reponn yo pa t konprann kesyon sa a byen oswa yo pa te vle reponn.

Èske w panse moun nan kominote w la santi yo alèz pou rapòte abi ak eksplwatasyon seksyèl moun imanitè yo fè ?



Patisipan nan "fokis gwoup" yo di, menm si yo ka pote plent bay majistra oswa lòt otorite lokal yo, yo pa toujou fè yo konfyans, paske yo ka alabaz pwoblèm nan. Patisipan yo te pale nou de zak SEA ki rive, otorite lokal ki mele nan distribisyon yo fè. Yon sondaj UNICEF te eksplike rezon ki fè yo pa rapòte ka SEA yo. Yo di se enfòmasyon ki manke, laperèz pou zak vanjans, ak sansasyon al rapòte an p ap bay okenn chanjman.

Kominote k ap bay èd imanitè an Ayiti te angaje nan pran mezi pou amelyore pwoteksyon kont eksplwatasyon ak abi seksyèl (PSEA). Yon aksyon tèt ansanm tout ajans yo ak yon gwoup travay serye. De (2) zouti sa yo ka gide aksyon tèt ansanm sou angajman kominote a, epi mete mwayen pou pote plen. Ladan tou w ka mete fòmasyon pou fè prevansyon kont eksplwatasyon ak abi seksyèl pou tout aktè ki enplike nan repons lan¹⁵. Plan sila tou mache ak yon repons kowòdone, nan ka yo rive rapòte ak asistans pou viktim yo. Enstans k ap bay èd yo ta dwe amelyore kominikasyon epi demonstre efikasite politik sa yo bay moun ki viktim yo. Konsa y ap ka asire yo rapòte abi yo.

Rekòmandasyon kominote a

- Enplike òganizasyon ki sipòte moun ki andikape (DPOs) epi lòt òganizasyon kominotè pou asire patisipasyon tout moun
- Konsilte popilasyon ki viktim yo, nan tout etap pwosesis èd lan. Ladan n ap mete pandan planifikasyon an, lojistik lan (aplikasyon) ak distribisyon yo

“

Pou enstans k ap jere èd yo konnen bezwen nou yo, yo dwe tandé plent nou yo.

- Yon gason, Les Cayes

86%
moun ki santi li enpòtan pou kominote yo konnen kouman pou pote plent, oswa di sa yo panse (bay fidbak) sou èd lan.

“

Li lojik pou nou pale ak moun k ap pote èd nan kominote a. Konsa yo ka tandé epi konprann nou, nan objektif pou byen distribye èd lan.

- Yon gason, Les Cayes

¹⁵ OCHA. March 2021. “[Plan de Réponse Humanitaire](#)”, page 76.

Estrateji èd yo dwe vize yon demen miyò

“Olye w bann pwason, pito w aprann nou peche”

Plan Repons Imanitè 2021–2022 Ayiti a konsantre sou diminye depandans èd imanitè nan ranfòse rapò “imanitè-devlopman-lapè”¹⁶. Men moun yo toujou wè èd lan tankou yon soulajman tou kout. Yo konsidere li etranje, limite, epi l p ap bay yon demen miyò (li pa dirab). Moun yo te di nou yo vle mèt tèt yo (otonòm). Premyèman nan kapasite pou yo viv san èd. Dezyèmman, yo wè li tankou kapasite pou yo ede tèt yo ak lòt moun, san yo pa asosye ak aktivite èd (imanitè).

Lè yo poze kesyon sou pwojè pou avni yo, tankou louvri pwòp biznis yo, moun yo pale de rebati kay yo. Jèn yo di yo vle al lekòl pou yo ka gen ledikasyon, epi ede lòt moun nan kominate yo.

Moun yo di yo jwenn èd lan itil nan faz ijans lan, lè pat gen aksè ak dlo oswa manje. Gen lòt ki remake enpòtans li nan yon lòt sans, men ki plis limite. Pa egzanp, yon moun nou te chita pale ak li “entèvyou” aprann nou sa. Li te di yo te apresye èd lan apre katastwòf lan, paske yo pat gen lajan pou achte atik sa yo nan mache. Men li te klè nan diskisyon nan “fokis gwoup” yo èd pa ka ede batì yon demen miyò. Jwenn èd lan itil nan jere moman ijans yo (kout tèm). Moun yo pat gen menm opinyon sou kapasite èd lan nan ede kominate yo viv san li. Prèske 36% nan yo panse èd ka ede yo viv tankou granmoun demen (sans yo pa bezwen èd ankò). Moun ki te reponn nan Corail ak Jérémie te plis wè bagay yo pozitif (54% ak 45% dakò oswa byen dakò).

Èske w panse asistans imanitè ka ede kominate w la viv san èd alavni ?



Moun yo rekonèt yo te pèdi pi plis pase èd lan ka retabli. Plizyè mwa apre, yo pokò kapab repare kay yo. Pou reyalize objektif ki ka ede yo jwenn yon demen miyò (alontèm), moun yo dekri ansam bezwen pou rekonstriksyon an. Yo dakò sou sa : asistans pou sove lavi yo, menm si l nesesè, dwe konplete ak yon sipò ki gen pou objektif yon demen miyò (alontèm).

Rechèch ak evalyasyon sou repsons èd imanitè an Ayiti te kesyonè èd ak detèminasyon apre tranblemanntè 2010¹⁷ la epi ankò apre sikkòn Matthew¹⁸. Lè moun te pale de enkyetid sou èd (manje) ki kontinye ap distribye olye yon pwogram ki pi chita sou yon demen miyò (ki dirab). Yon evalyasyon nan lane 2011 kote Komite Pèmanan Entè-Ajans la te di : “Asistans ki pa favorize solisyon pou demen miyò (dirab) pa satisfè bezwen pèp ayisyen an ankò”¹⁹.

Nan moun nou te chita pale yo (nan entèvyou), te gen plizyè pwopozisyon sou fason asistans imanitè ka sipòtè avni yo. Yo pale de lajan kach tankou yon fòm èd ki ka ede yo jwenn endepandans yo. Lidè kominate yo te di “kay se yon bezwen pou yon demen miyò (alontèm)”.

Moun yo motive tou pou ede kominate yo, ak youn lòt. Lè nou konsidere moun yo santi èd lan se jere ijans (kout tèm) epi ki soti aletranje, lide solidarite a nan mitan Ayisyen bay yon lòt vizyon sou èd. Moun yo santi yo ka fè Ayisyen parèy yo konfyans, paske yo tout se moun ki viktim. Yo konnen youn bezwen lòt. Natirèlman, gen ti detay ki nesesè, akoz repsons sou koripsyon nan desizyon lidè kominate yo. Sipò pou òganizasyon lokal yo tankou lajan, materyèl, ak moun se te yon domèn tou pou amelyorasyon, yo te idantifye nan rapò 2019 nou an.

“

Pou nou met tèt nou (otonòm), nou pa dwe gen yon moun pou ede nou.

- Yon gason, Port-à-Piment

“

Manje pa pral ede w siviv. Nouri pa menm ak manje. Pou egzanp, mwen ka achte yon plat manje pou ou, sa pa pral vle di ou pa pral grangou ankò.

- Yon gason, Port-à-Piment

90%

nan moun ki reponn yo santi li
enpòtan pou èd lan ede yo viv sou
fòs ponyèt yo (vin otonòm)

“

Sa ki enpòtan pou nou se rekonstiwi. Konsa,
n ap konnen kijan pou nou viv ankò. Paske,
nou pa ka rete anba yon prela tout lavi nou.

-Yon gason, Port-à-Piment

“

Pandan yon katastwòf natirèl, nou dwe gen
solidarite nan mitan nou. Nou bezwen ede
ak pwoteje youn lòt. Nou dwe aprann kijan
pou redwi nesesite pou asistans.

- Yon gason, Les Cayes

¹⁶ OCHA. March 2021. [“Plan de Réponse Humanitaire”](#)

¹⁷ Patrick, Jonathan. June 2011. [“Haiti Earthquake Response: Emerging Evaluation Lessons”](#).

¹⁸ Hsu, Kaiting Jessica and Mark Schuller. 2020. [“Humanitarian aid and local power structures: Lessons from Haiti's 'shadow disaster'"](#). Disasters 44(4), pages 641–665.

¹⁹ Inter-Agency Standing Committee. 2011. [“Inter-Agency Real-Time Evaluation of the Humanitarian Response to the Earthquake in Haiti: 20 Months After”](#), page 8.

Moun ki andikape yo santi tou òganizasyon ki sipòte moun ki andikape (DPOs) ak rezo yo dwe patisipe nan tout pwosesis èd lan. Ladan l yo mete planifikasyon. Moun yo fè òganizasyon sa yo konfyans, paske yo konprann bezwen moun ki andikape yo epi yo ka fè èd lan fasil pou jwenn. Moun yo panse èd lan ka distribye pi byen, lè enstans k ap bay li yo chita pale ak òganizasyon sa yo, pandan tout pwosesis la.

Rekomendasyon kominate an

- Egzamine plizyè fwa fòm èd yo bay apre faz ijans katastwòf lan
- Enlike sosyete sivil ayisyen an ak òganizasyon kominotè yo, mete òganizasyon ki sipòte moun ki andikape (DPOs), nan bay enfòmasyon, bay objektif, ak fè distribisyon
- Mete lidè kominate yo nan evalyasyon bezwen yo

“

Nan de (2) lane, mwen ta renmen pèp ayisyen an reyini ansanm pou pwodui chanjman. Lè m pale de chanjman, mwen vle di chanjman nou menm nou bezwen pote, pou fòme òganizasyon. Si nou konnen kijan yo kenbe yon jaden, nou ka kenbe twa, nan lòd yo pran swen tèt nou.

- Yon gason, Port-à-Piment

Konklizon : Lap difisil pou retabli konfyans nan kominate yo

Konfyans se foto mitan rapò sa a. Moun yo vin gen gwo dout sou èd imanité an, lè yo gade eskperyans yo fè déjà. Paske yo pa konprann ki jan èd lan travay, epi yo pa patisipe nan pwosesis bay li an. Yo pa fè enstans k ap bay èd lan konfyans. Yon gwo plent yo genyen se : "enstans k ap bay èd yo pa vizite kominate yo pou wè reyalite a." Kèlkeswa sa k ap pase dèyè sèn nan, moun yo santi èd se "toujou menm bagay lan.". Yo kwè se koripsyon ak pase mizè pou jwenn èd lan tout bon vre. Kenbe relasyon ak kominate yo enpòtan anpil pou bati konfyans, nan konteks sa²⁰.

Gen patisipan nan entèvyou yo ki di nou, gen moun ki pito pa resevwa èd ditou. Sitou si yo pa respekte kondisyon debaz yo. N ap pale de sa yo ki pa chita sou bezwen moun yo genyen tout bon vre ak respè pou diyite. Yo vle jwenn èd lan nan men moun yo fè konfyans epi ki respekte yo.

Absans ki genyen nan enplikasyon kominate lokal lan te jwenn anpil kritik depi repons 2010 lan^{21,22}. Yon gwoup òganizasyon nasyonal ak kominotè ki pi reprezentatif epi ki gen plis pouvwa kapab ede abòde anpil dosye. Tankou, akizasyon k ap kontinye sou koripsyon ak "moun pa" sou kèk otorite lokal. Ta dwe gen plis estrikti nan bay pinisyon pi sevè, epi fasilité viktim yo jwenn bon repons.

Enstans ki bay èd an Ayiti p ap chache solisyon pou demen miyò (solisyon dirab)²³, moun ki viktim yo p ap fè yo konfyans si yo kenbe sitiyasyon an menm jan an. Enstans ki bay èd yo dwe al chache konfyans popilasyon an. Y ap rive fè sa, jou yo demonstre yo responsab epi yo reponn bezwen, priyorite ak plent moun ki viktim yo. Sa mande bon jan angajman, san magouy, ak pi bon kolaborasyon ak kominate ki viktim yo.

“

Nou ka poze kesyon sou èd yo bay la. Nou gen dwa tou refize li si se pa bon jan kalite.

- Yon fanm, Les Cayes

“

Nou fè òganizasyon kominotè yo konfyans paske si yo bay èd, tout moun ta ka resevwa li. Pa ta dwe gen zafè patizan.

- Yon fanm, Les Cayes

“

Mwen ta renmen pou se CASEC yo ki pataje èd lan. Yo ta dwe chèche moun ki plis nan bezwen yo.

- Yon fanm, Port-à-Piment

“

Nou dwe patisipe nan planifikasyon, lojistik (aplifikasiyon) ak distribisyon èd yo.

- Yon gason, Les Cayes

²⁰ Carpi, Estella. 2017. "[The 'Learning from Crisis' Humanitarian Formula: Bridging Disaster and Normality](#)".

Urban Crises Learning Partnership Summary Report.

²¹ Binder, Andrea and François Grünewald. April 2020. "[Haiti: IASC Cluster Approach Evaluation, 2nd Phase Country Study](#)".

²² USAID. March 2011. "[Independent Review of the U.S. Government Response to the Haiti Earthquake](#)".

²³ OCHA. August 2021. "[Flash Appeal](#)".

Rekòmandasyon

Nou te fè yon atelye ak manm nan kominote èd lan nan mwa Mas 2022. Nou te fè sa pou n ka rive bay rekòmandasyon, sou fason pou nou aji sou rezulta yo. Patisipan yo te gen ladan yo : reprezantan gouvènman an, sektè imanitè, ONG ak òganizasyon k ap travay ak moun ki gen andikap. Yo dwe bay priyorite ak moun ki viktim yo. Si n vle rekòmandasyon sa yo reyalize, se ak moun ki gen enterè yo nan peyi a pou yo poze aksyon.

Jan yo chwazi ak kominike sou "kritè seleksyon yo"

- Kreye yon regwooupman kowòdinasyon ak òganizasyon kominotè ak sosyete sivil pou idantifye gwooup ki pi frajil yo epi "idantifye depi avan sa" nan kisa yo frajil. Sa ap rive fèt, nan bati yon "baz done nasyonal sou vilnerabilite" pou Ministè Afè Sosyal ak Travay (MAST);
- Aplike bon jan metòd seleksyon enstans ki bay èd yo;
- Fè evalyasyon sou bezwen moun yo, sitou pou moun ki andikape yo ansanm ak òganizasyon ki sipòte moun ki andikape (DPOs).
- Fè repons lan chita sou evalyasyon rapid moun bezwen nan anpil sektè. Ladan l yo dwe mete zòn ki lwen yo (andeyò). Li dwe adapte ak fason moun yo ap viv nan lokalite yo. Li dwe mache pou sèks ak laj, lè w itilize zouti Marker Sèks ak Laj (GAM).
- Fè plis konsyantizasyon sou ki "kritè yo chwazi" ak seleksyon nan anpil kote, tankou : mache, radyo, lekòl, ak kote moun ap priye (legliz, peristil, eksetera). Nou dwe gen asisrans andeyò yo ladan l tou;
- Afiche lis "kritè seleksyon" yo anndan chak sit, kote y ap fè distribisyon.

Èd lan dwe bay nan sekirite ak diyite

- Bay èd lan nan espas ki gen sekirite. Epitou, distribye èd lan bonè nan maten;
- Kalkile depi anvan ki kantite moun ki ta dwe vini nan distribisyon an. Sa ap ede pran bon jan prekosyon ki adapte pou jere ak kontwole "foul moun";
- Chanje adrès kote distribisyon yo fèt. Pa fè distribisyon nan menm espas yo;
- Fè lidè lokal yo patisipe nan distribisyon yo. Epitou, fòme anplwaye yo ak enstans ki nan distribisyon yo (tankou : Proteksyon Sivil) nan kouman distribisyon dwe fèt ak sekirite (pa egzanp : kouman yo jere "foul moun");
- Fè yon kat zòn ki pi pre yo (vil yo) pou ede nan preparasyon an;
- Fè distribisyon separe oswa pòt an pòt pou gwooup moun ki pi frajil yo, tankou : fanm ansent, fanm k ap bay tete ak moun ki andikape;
- Met plis serye ak kontwòl sou kalite machandiz k ap distrbiye yo. Sa pral ede enstans ki nan distribisyon an bay priyorite pou pwodwi ak sèvis lokal;
- Fòme anplwaye enstans k ap bay èd imanitè yo, sou prensip ak kouman yo bay "èd imanitè".

Ede tout moun nan kominote an patisipe

- Konsilte lidè nan kominote an ak otorite lokal yo, pou idantifye pi bon estrateji distribisyon nan kominote a;
- Pran opinyon kominote a nan deside ki moun ki pi fèb (kritè vilnerabilite);
- Bay fè yon gid sou "jesyon enklizif ak DPO nasyonal ak lokal" pou ede fasilité patisipasyon moun ki andikape pandan tout etap pwojè an. Sa ap ede tou pou fè moun ki andikape vin granmoun tèt yo (vin pi otonòm)
- Fòme anplwaye òganizasyon yo sou fason pou chita pale ak moun ki nan kominote a (konsiltasyon kominotè).

Kreye fason pou resevwa plent epi kòmantè (fidbak)

- Mete bon jan konprann nan fason plent ka bay san fòs kote, san non yo pa site, lib e libè. Pa egzanp, lè w mete yon liy dirèk ki santralize epi lè w di kilès ki responsab tout bon nan sit distribisyon yo;
- Bay fòmasyon pou òganizasyon kominotè ak asosyasyon (tankou DPO ak asosyasyon fanm) sou kouman pou pote plent epi bay bon jan kòmantè (fidbak);
- Fè plis konsyantizasyon sou plent ak kouman pou bon jan kòmantè (fidbak) rive bay. Pa egzanp lè w montre kouman pou fè plent ak bay repons (bay fidbak) nan sit distribisyon yo. Epitou ou dwe enfòme kominote yo sou fason yo jere plent yo ak fason pou jwenn aksè ak itilize kòmantè (fidbak) ak plent;
- Fè bon jan siveyans pou plent yo, pa egzanp lè w aplike règleman sou tan repons la dwe pran pou kèk plent;
- Pataje rezulta yo ak nenpòt aksyon yo pran apre yo fin pote plent yo;
- Chèche bon jan kòmantè (fidbak) sou kalite ak enpòtans èd yo bay, nan siveyans apre distribisyon.

Bay enfòmasyon ki klè

- Enplike òganizasyon kominotè ak aktè reliye yo nan pataje enfòmasyon yo;
- Monte bon jan estrateji kominikasyon nan mitan divès aktè yo pou mesaj yo ka menm;
- Itilize estrateji kominikasyon yo nan bon jan kontèks epi dapre preferans kominote a;
- Veye pou enfòmasyon yo aksesib pou moun ki andikape lè yo bay yo nan òganizasyon ki sipòte moun ki andikape (DPOs) yo.

Jan travay lan te rive fèt (metodoloji)

Nou te itilize yon zouti pou yo fè rechèch yo rele "metòd miks". Li melanje « chita pale ak ti gwoup moun » (koleksyone done kalitatif) epi ranpli kesyonè (kolesyone done kantitatif).

Sondaj kantitatif

Nan tèt ansnam ak Enstiti Fòmasyon ak Sèvis (IFOS) ak Viamo nou te fè sondaj nan telefòn pou moun k ap viv nan zòn ki te plis viktim nan tranblemanntè an : Nip, Sid ak Grandans.

Mwayen pou pran enfòmasyon epi fè ankèt lan

"The New Humanitarian" ak "Ground Truth Solutions" te patisipe tou nan konseye sou mwayen yo dwe itilize pou sondaj lan. Yo te prezante mwayen sa yo bay enstans èd imanitè ki nan peyi yo pou jwenn opinyon ak komantè (fidbak). Sondaj la te fèt pou mezire satisfaksyon sou èd lan, lè yo sèvi avèk teyori "atant-konfirmasyon", ki se youn nan apwòch prensipal yo itilize nan sektè prive pou eksplike satisfaksyon kliyan²⁴. Teyori sila a deklare : "sa moun yo ap tann enfliyanse anpil satisfaksyon yo pou sèvis ak pwodwi yo jwenn". Yo itilize li tou nan sektè piblik lan, pou mezire satisfaksyon pou sèvis gouvènman yo bay^{25,26,27}.

Rechèch satisfaksyon sou kliyan reflechi anpil sou diferans ki gen nan mitan sa moun yo ap tann ak sa yo jwenn toutbon vre. Nou ka pran egzanp sou diferans nan livrezon. Bay enfòmasyon sou kouman diferans yo ta dwe pèmèt enstans èd yo adapte priyrite yo pi byen ak sa moun yo ap tann (sa yo swete jwenn). Sèvi ak modèl "satisfaksyon-kliyan" ki soti nan sektè prive plis ede konprann ka moun k ap resevwa èd yo. Yo ta dwe konsidere yo tankou moun ki jwenn sèvis lan andènye (dènye itilitatè a). Ep jan yo wè enstans ki bay sèvis lan ka enfliyanse satisfaksyon moun ki jwenn sèvis yo. Sa dwe fèt menm jan l'konn ye pou kliyan sektè prive yo.

De (2) tradiktè k ap travay pou IFOS te tradui (an fransè ak an kreyòl) zouti sondaj lan

Anketè yo se anplwaye IFOS. Yo gen anpil eksperiyans nan kolekte done nan ankèt. Yo gen eksperiyans nan fè sa "fas pou fas" ak nan telefòn! Pou yo te ka plis abitye ak fason Ground Truth Solutions travay, fason pwojè nou yo ye, epi pran enfòmasyon sou kisa moun yo panse (pèsepsyon yo), yo te resevwa fòmasyon Ground Truth Solutions te òganize sou tèm sa yo :

- Kolekte done sou jan moun panse (pèsepsyon);
- Veye nivo erè kay anketè yo;
- Règleman sou kouman pou anketè yo konpòte yo (Kòd konduit);
- Fason pou poze kesyon yo (tankou, poze kesyon sou "Echèle Likert");
- Zouti pou fè sondaj, epi met kesyon yo an kreyòl.

Fòmasyon sa te fèt nan lang franse. Apre fòmasyon sa, yo te eseye zouti pou fè sondaj la nan chita pale (entèvyou) ak 40 moun. Lè yo fin met kòmantè yo (fidbak), zouti pou fè sondaj lan te fin korèk nèt nan yon premye faz kote yo te teste I (faz pilòt). Nan faz sila yo te chita pale (fè entèvyou) ak 40 moun ankò.

²⁴ Oliver, Richard L. 1977. "Effect of Expectation and Disconfirmation on Postexposure Product Evaluations: An Alternative Interpretation." *Journal of Applied Psychology* 62(4): 480–486.

²⁵ Morgeson, Forrest V. 2013. "Expectations, Disconfirmation, and Citizen Satisfaction with the US Federal Government: Testing and Expanding the Model." *Journal of Public Administration Research and Theory* 23(2): 289–305.

²⁶ Van de Walle, Steven. 2018. "Explaining Citizen Satisfaction and Dissatisfaction with Public Services." In *The Palgrave Handbook of Public Administration and Management in Europe*, edited by Edoardo Ongaro and Sandra Van Thiel, , 227–241.

²⁷ Van Ryzin, Gregg G. June 2013. "An Experimental Test of the Expectancy-Disconfirmation Theory of Citizen Satisfaction: An Experimental Test of Expectancy-Disconfirmation." *Journal of Policy Analysis and Management* 32(3): 597–614.

Rasanble echantyon

Estrateji nou te itilize pou rasanble echantyon yo te konsantre sou zòn èd lan plis pral bay lan. Nou te kontakte moun k ap viv nan zòn ki te gen plis dega yo : Nip, Sid ak Grandans. Nou te fè sa nan telefòn, nan mayen yo rele "repons pa vwa entèaktif" (IVR, oswa Robocall). Lè sa, yo sèvi ak nimewo ou pran konsa (owaza), sa yo rele "RDD", nan kolaborasyon ak konpayi Viamo. Nou te organize sa pou menm kantite moun ka reponn, nan chak nivo administratif 2 (awondisman). Lè nou idantifye kantite nimewo telefòn selilè k ap fonksyone sou de (2) antèn ki nan zòn (rejon) sa yo.

Nan tablo ki anlè an ou ka wè tout moun ki te reponn yo.

Administratè, Nivo 1	Administratè, Nivo 2	Echantyon yo te swete itilize an	Echantyon yo itilize an	Diferans nan mitan echantyon yo
Nippes	L'Anse-à-Veau + Baradères	125 (10%)	142 (11%)	+1%
	Miragoâne	125 (10%)	112 (9%)	-1%
Sud	Aquin	125 (10%)	130 (10%)	=
	Les Cayes	125 (10%)	212 (17%)	+7%
	Les Chardonnieres	125 (10%)	69 (6%)	-4%
	Les Coteaux	125 (10%)	86 (7%)	-3%
	Port Salut	125 (10%)	45 (4%)	-6%
Grand'Anse	Jeremie	125 (10%)	133 (11%)	+1%
	Corail	125 (10%)	205 (16%)	+6%
	Anse d'Hainault	125 (10%)	117 (9%)	-1%
Total		1250 (100%)	1251 (100%)	

Nou te vle ka bese danje (ris) ki genyen pou n jwenn prejije nan mitan patisapan yo. N ap pale de prejije sou byen (lajan) ak nivo fòmansyon (nivo alfabetizasyon) pwopriyetè telefòn selilè yo, lè w konpare yo ak popilasyon jeneral lan²⁸. Pou sa te rive fèt, nou te chwazi telefòn ki te gen pi piti lajan (kredi) sou (kont) yo²⁹. Nou te pran moun ki pa abitye voye mesaj ekri (mesaj tèks) ak sa ki pa gen telefòn figi plat (telefòn entèlijan). Nou te poze sèt (7) kesyon espesyal, sa yo rele "kesyon filtre" pou ede jwenn "IVR" lan pi byen, epi ede plis moun patisipe toujou. Men set (7) kesyon yo :

1. Eske w gen 18 lane oswa plis ?
2. Eske w se gason osnon fanm (ki sèks ou) ?
3. Èske w abite nan Nip, Sid, oswa Grandans ?
4. Si w abite nan zòn Nip, ki kote w rete ?
5. Si w abite nan zòn Sid, ki kote w rete ?
6. Si ou abite nan zòn Grandans, ki kote ou rete ?
7. Èske w dakò pou yo rele w pou w patisipe nan yon ankèt ki pale sou èd k ap bay kounya apre tranblemanntè an ?

²⁸ GSMA. 2020. "[The Mobile Gender Gap Report 2020](#)".

²⁹ WFP. 2015. "[Food Security Brief UN Global Pulse](#)".

Enfòmasyon nou rive jwenn

Moun ki te dakò yo, nou te rele yo pou yo patisipe nan yon ankèt nan telefòn. Kòm rekonpans, yo te jwenn kat (kredi telefòn), apre ankèt lan. Rasanble enfòmasyon yo te gen ladan l'yon premye fèt epi yon "ti etap pou eseye" (faz pilòt). Li te fèt soti 27 Oktòb 2021 rive 9 Desanm 2021. Ankèt sa yo te fèt an kreyòl, se anplwaye (anketè) IFOS yo ki te fè l.

Kouman enfòmasyon yo konte (Pondération)

Enfòmasyon yo te konte (pondere) d'apre 2 nivo administratif (awondisman). Nou te jwenn enfòmasyon sou popilasyon, pou nivo administratif 2 yo te jwenn, lè n sèvi ak mwayen SIG (apwòch SIG) epi enfòmasyon ki soti nan World Pop³⁰. Se yon pwojè ki eseye konte (estime) popilasyon sou baz foto byen klè (gwo rezolisyon) yo jwenn, lè yo itilize imaj satelit, ak lòt enfòmasyon sou adrès ak zòn kote moun yo ap viv (kovaryab jeyolokalize). Yo te itilize rezulta resansman tou. Yo te pito itilize apwòch sa, paske enfòmasyon ki soti nan resansman ki te sot fèt yo pat klè. Jan enfòmasyon yo konte an (ponderasyon) varye soti nan 0.34 rive nan 2.03.

Jan nou monte chita pale yo (Entèvyou kalitatif)

Etap nou te swiv yo

Nou te fè chita pale angwooup ak patisipan yo, sa yo rele "fokis gwoup" lan. Lè sa nou te sèvi avèk yon gid entèvyou ki te "semi-estriktire". Li te plis chita sou chache konprann kouman moun yo wè èd lan ap bay (pèsepsyón). Sa chita tou, sou premye enfòmasyon yo, sou premye rezulta preliminè yo, nan etap kote n te pase kesyonè an (etap kantitatif). Ak sipò (patenarya) yon ekip chèchè ayisyen, nou devlope yon gid entèvyou pou domèn rechèch sa yo. Nou te rive te devlope yo plis nan yon seri kesyon. Tankou :

1. Ki eksperyans ou genyen ak èd imanitè ?
2. Ak kisa w vle èd yo sanble ?
3. Kiyès moun ki pi byen plase pou bay èd imanitè nan zòn ou an ? Poukisa ?
4. Èske èd lan pèmèt ou menm ak kominate w la satisfè bezwen ou yo alontèm ?
5. Ki jan èd imanitè an fè w santi w ?

Rasanble echantyon

Sanble echantyon te posib nan ti chita pale yo (echantyon kalitatif) te gen objekti pou eksplike klè tout ekspresyon yo pou kategori yo defini depi avan (kategori pre-defini). Nou pran echantyon pou uit (8) chita pale nan "fokis gwoup". Nou te separe yo ren pou ren (50-50), nan melanje gason ak fanm. Nou te fè menm bagay pou laj tou (grammoun/ jèn)³¹. Nou te vize tou pou nou te fè yon distribisyon jeyografik kat (4) entèvyou nan Okay (Kote yo te bay anpil èd imanitè) ak Pòtapiman (kote yo pa t bay anpil èd imanitè).

³⁰ [World Pop.](#)

³¹ Paramèt laj pou jèn yo se 18-24 ane.

Pou twa (3) depatman yo te chwazi pou yo te pase késyonè (volè kantitatif), depatman Sid te gen anpil chita pale (volè kalitatif). Chwa sa te rive fèt paske Sid se zòn ki te viktim anpil nan tranblemannè a. Dapre Evalyasyon Bezwèn Post-Dezas Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn te rive fèt, depatman sa te gen pi gwo kantite moun ki mouri ak sa ki te viktim. Nou te chwazi (2) komin : Les Cayes (ki jwenn anpil èd imanitè) ak Port-à-Piment (ki pa te jwenn anpil èd). Nou te chwazi yo dapre enfòmasyon OCHA jwenn. Done sa yo te rive jwenn sou kèk prèv ki montre li difisil anpil pou esntans kap bay èd yo rive andeyò, paske manke enfastriti (wout, pon, pò, etksetera).

Dènye gwooup nou te chita pale a te gen swasanndis (70) moun ladan l :

Depatman/ Vil	Seks	Laj gwooup lan	Kantite patisipan
Les Cayes	Fanm	Granmoun	11
Les Cayes	Fanm	Jèn	8
Les Cayes	Gason	Granmoun	8
Les Cayes	Gason	Jèn	10
Port-à-Piment	Fanm	Granmoun	9
Port-à-Piment	Fanm	Jèn	9
Port-à-Piment	Gason	Granmoun	6
Port-à-Piment	Gason	Jèn	9
Total			70

Nan yon lòt chita pale (entèvyou), nou te konte moun tou (pran echantyon). Entèvyou sa te fèt ak : lidè komintè, moun ki andikape ak manm kominate LGBTQIA+ yo. Yo te bay enpòtans tankou entèvyou ak enfòmatè ki enpòtan. Yon total uit (8) chita pale te fèt ak sèz (16) moun.

Depatman/ Vil	Seks	Kategori	Kantite patisipan
Les Cayes	Fanm	Lidè Kominotè	1
Les Cayes	Fanm	Moun ki andikape	2
Les Cayes	Li pa defini (masi-madi)	LGBTQIA+	2
Les Cayes	Gason	Moun ki andikape	2
Port-à-Piment	Fanm	Lidè Kominotè	3
Port-à-Piment	Fanm	Moun ki andikape	2
Port-à-Piment	Gason	Lidè Kominotè	2
Port-à-Piment	Gason	Moun ki andikape	2
Total			16

Ak sipò kèk enstans, nou te rive chwazi patisipan yo nan òganizasyon sa yo w ap jwenn : asosyasyon fanm, òganizasyon ki sipòte moun ki andikape (DPOs), asosyasyon jèn ak lòt asosyasyon kominotè. Yo te kontakte òganizasyon sa yo pou yo te ka rive idantifye moun k ap nan "fokis gwooup" yo epi enfòmatè ki pi enpòtan yo (enfòmatè kle).

Koleksyon enfòmasyon ak analiz

Nou te teste kesyonè a nan yon chita pale "entèvyou" ak yon seri gwooup de (2) moun, ki te fèt anvan nou vanse ak ankèt lan. Chita pale sa yo nou rele "Entèvyou semi-estrikture" yo te fèt soti 6 pou 12 Janvye 2022. Li te fèt ak sipò moun k ap ede nou rasanble enfòmasyon. Tout patisipan yo te ban nou dizon yo alekri. Konsa, nou jwenn anpil enfòmasyon, tankou : jan yo konprann objektif yo, fason nou travay, moun ka patisipe lib e libè (nati volontè), benefis ak risk, konfidansyalite, ak enfòmasyon kontak nou yo.

Diskisyon nan chita pale yo (fokis gwooup) yo te fèt an kreyòl. Yo te anrejistre odyo, tradui yo, epi transkri mo pou mo an franse. Chak gwooup diskisyon ak entèvyou te rive nan yon dire anviwon 1 pou 1.5 èdtan.

Transkripsyon pou chita pale yo (fokis gwooup) te kode. Yo te sèvi avèk yon metòd endiktif liy-pa-liy, kodaj louvri. Yo te itilize yon teyori ki pèmèt ou ka itilize enfòmasyon sou tèm tankou : kouman moun ka vin responsab pwòp tèt yo epi ki eksperyans yo gen ak èd imanitè. Nou te itilize yon lojisyl analiz kalitatif yo rele MAXQD, pou n ka kode relve nòt yo. Antant nan mitan moun k ap kòde yo te asire nan echanj ki long, sou kòd ak revizyon travay tout moun.

Apre tout nòt ki sot nan transkripsyon yo te fin kòde, yon premye fwa, epi yo te ekri yo nan yon liv kòd, yo te idantifye tèm ki parèt yo. Kòd yo te klase dapre chak tèm. Konsa estrikti kòd lan te finalize. Akòz metodoloji eksplikasyon an, kòd yo te aplike an premye nan tèm yo rive pran nan gwooup ki te ranpli kesyonè (apwòch kantitatif). Apresa, gen lòt tèm yo te idantifye. Yo te vin òganize yon dezyèm kodaj, pou garanti konsistans nan relve nòt yo. Kodaj transkripsyon chita pale yo (fokis gwooup) te rive fèt nan sa yo rele "demach dediktiv" lan.

Yo te itilize yon "metòd ki fèmen" pou analyze tèm ki te diskite nan chita pale yo.

Ekip rechèchè ki fè chita pale yo (rechèchè kalitatif)

Nan ekip moun ki te fè chita pale yo, nou jwenn chèchè kle a, plis twa (3) anplwaye ki te la pou sipòte li. Chèchè prensipal yo se :

- Jean Wesly, ki gen plis pase 10 lane eksperyans, nan rasanble enfòmasyon (done kalitatif) epi travay ak kominote nan depatman Sid la kòm yon ofisy CEA;
- Riche Jean Ruben Peterly, ki gen plis pase 17 lane eksperyans nan rasanble enfòmasyon (done kalitatif), jere pwo-gram ak devlopman kapasite;
- Claudel Thermond, ki gen plis pase 3 lane eksperyans nan rasanble enfòmasyon, espesyalman nan fasilité FGD;
- Jephtanie Francois ak Thamar Italis, te fè travay planifikatè ak moun k ap pran nòt.

Feblès travay lan (limit)

Pati ki gen ankèt (kantitatif) nan travay lan gen feblès. Feblès sa yo sitou nan fason "echantyonaj" lan te fèt epi jan nou jwenn repons yo. De (2) pati sa yo ka lakoz gen erè nan rezulta yo, epi nan dakò si nou byen chwazi tout moun ak gwooup moun nan populisayon ki viktim lan (sa yo rele reprezentativite an).

Feblès nan repons yo

- Gen anpil chans pou gen erè tou nan fason yo deside kilès k ap jwenn èd lan, kilès ki p ap jwenn li (estati benefisye). Menmsi nou te dakò objektif etid sa se pat bay èd epi Ground Truth Solutions se yon òrganizasyon endependan, anpil nan moun ki reponn kesyon yo te pran tèt yo pou moun ki pa jwenn èd imanitè. Sa te posib paske ankèt lan te fè touswit apre tranblemannè an. Sa se youn nan rezon ki ka esplike pouki gen anpil moun ki di "non yo pa jwenn èd", nan sa k te patisipe nan ankèt lan (echantyon kantitatif final lan).
- Gen komantè tou ki fè n kwè gen kesyon ki te mal poze. Yo te gen konfizyon ladan yo osnon moun yo pat konprann vre. Pou rezon sa nou te oblige anile nan rezulta yo, pa egzanp yon kesyon ki te pale de enflyans ki genyen sou èd imanitè an. Kesyon sa te poze nan yon ankèt ki te fèt nan telefòn.

Feblès nan chwa patisipan nan ankèt yo (echantillonaj)

- Ankèt nan telefòn lan gen chans pou l gen feblès nou pa rive konnen. Paske popilasyon nou te chwazi nan Sid lan ka depaman ak popilasyon rès depatman an. Nou te poze kesyon (fè entevyou) selman ak 4% nan nimewo nou te chwazi yo. Nou te fè chwa sa yo lè n chita sou sa yo rele "konpozisyon aleyatwa". Menm si 4% an nòmal pou yon ankèt konsa, li pa klè ditou pou w deside ki diferans ki genyen nan mitan gwoup ki deside reponn ak sa k pat vle reponn (osnon ki pat kapab). Li posib pou patisipan yo pa gen tout karakteristik popilisayon ki te vikitm nan Sid, Nip ak Grandans (sa yo rele reprezentavite an).
- Nou te vle separe fanm ak gason ren pou ren (50-50). Men pandan n ap fè ankèt lan, nou vin wè li te pi difisil pou w jwenn fanm patisipe. Rezon nou panse ki ka lakòz, se paske : 1. Gen plis gason ki gen telefòn pòtab, 2. Si pòtab lan pou mari ak madanm lan nan kay lan, gason an itilize l plis³².

Gen anpil efò ki dwe fèt nan travay nou yo, pou n rive fè moun ki andikape yo patisipe toutbon. Anpil nan moun ki te nan ankèt lan, gen pwoblèm pou mache, oswa pou wè ak tandem byen. Nou dwe dakò tou, gen lòt andikap yo neglije nan ankèt lan, tankou moun ki gen pwoblèm nan tèt oswa ki pa gen tout konprann yo (pwoblèm sikososyal ak nerodevlopmantal).

Pandan ti chita pale yo (entèvyou), nou wè gen anpil moun ki te fatige nan rankont yo. Gen lidè kominotè ki pat vle patisipe nan etid la paske eksperyans yo gen ak ankèt fè yo bouke anpil, san yo pa menm konnen si y ap jwenn yon avantaj apre.

³² GSMA 2020. "[The Mobile Gender Gap Report](#)".



GROUND TRUTH
SOLUTIONS